# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

# यीशु क समुद्री तूफ़ान के शांत करल




लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Ruth Klassen


कहानी 48 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri



यीशु अउर उनकर चेला लोग एगो नाव में रहलें, तबे एगो बड़ तूफान उठल।





ई एगो रोष की साथ गलील की सागर के उफान पर लिया दिहलस। अइसन तूफान जहाजन के तूरला अउर डूबवला क कारन बन सकत रहे।

तूफान से चेला लोग डेरा गोइलें। पानी क लहर नाव में दस्तक देबे लागल। लेकिन यीशु नाव में तूफान की दौरान, एगो तकिया लगाके सूतल रहलन।



3

चेला लोग यीशु के जगवलें अउर रो रो के कहे लगलें, "प्रभु हम सब नाश होखत जात बानी जा !"



4

यीशु अपनी शिष्यन से पूछलन, "हे अल्प बिश्वासी तू लोग कांहें डेरात बाड़अ जा?" तब यीशु हवा के बहला से डँटलन ... अउर ... यीशु ओ भयंकर लहरन के शांत होखे के कहलें।



5

अब हवा शांत हो गइल ... समुन्दर भी शांति पूर्वक हो के थम्हि गइल। चेला लोग बहुत चकित भइलें अउर कहलें "ई कइसन आदमी बाड़ें कि जिनकर आज्ञा क पालन हवा अउर समुन्दर भी करत बाटे!"



6




7




8


चेला लोगन के भी वहां से जाये के पड़ल। यीशु ओ लोगन के नाव द्वारा गलील की सागर की दूसरी छोर पर जाये खातिर पहिले जाये दिहलन।
9
जब उ सब के दूर भेज लिहलन तब पहाड़ पर ऊपर प्रार्थना करे खातिर चल गइलन। शाम आइल तब उ उहाँ अकेले रहलन।
10
झील में शिष्य एगो आंधी से घेरा गोइलन जा। तूफ़ान उन सबके रोक दिहलस, ईहाँ तक की उ लोग घंटो नाव खेवते रहि गइलें।
11
चेलन के ई पता ना रहलन, लेकिन उ लोग बड़ा आश्चर्य करत रहलन!
12
सुबह तीन अउर छह बजे की बीच में, समुन्दर की बीच लहरन पर चेला लोग कुछ भयावह देखलें। "ई एगो भूत हअ!" उ लोग चिल्लइलें। लेकिन उ यीशु मसीह, उनकर प्रभु अउर गुरु, पानी पर चलत, उनकी ओर आवत रहलन।
13
यीशु उन लोगन से कहलन, "मत घबरा जा! हम हईं, मत डरअ जा" पतरस जबाब दिहलन, "प्रभु यदि आप हँइ, त हमके भी पानी पर चल के आपकी पास अइला क अनुमति देइं।"
14

यीशु कहलन," निर्भय होके आव, पतरस नाव से बाहर पानी पर कदम रखलन अउर यीशु की ओर चल पड़लन।



15



लेकिन जब उ चक्रवात के देखलन, पतरस डेरा गइलन, अउर डूबे लगलन। उ चिल्लइलन, कहलन, "हे प्रभु, हमके बचा लेइं!"

16



तुरंत, यीशु हाथ बढ़ा के पतरस के पकड़ लिहलें। उ पुछलें, "हे अल्प विश्वासी, तूं काहें संदेह कइलअ हअ?" जब पतरस अउर प्रभु यीशु नाव में चढ़ गइलें तब, आंधी थम गइल।

17



फिर जे लोग नाव में रहल, सब आइल अउर ई कहि के की आप "वास्तव में परमेश्वर क पुत्र हँइं" उनकर आराधना कइल।

18

यीशु क समुद्री तूफ़ान के शांत करल

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से ई कहानी लीहल गइल बा

मत्ती 8, मत्ती 14, मरकुस 4, लूका 8

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के धरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउअ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !